

Chiziviso Chokusvitsa Makore Mana (4) Panogumira Kubatsirwa Notification of Age Four (4) Eligibility Expiration

ZITA NEKERO ZVANYAKUBATSIRWA

ZITA NEKERO ZVOMUMIRIRI

NEZVE: CHIZIVISO CHOKUSVITSA MAKORE MANA (4) PANOGUMIRA KUBATSIRWA

Mwana wenyu anoyamurwa neDevelopmental Disabilities Administration (DDA). Anogona kunge akakodzera kuyamurwa neDDA pamusana pokunyoreswa muchirongwa chinoshanda pakuberekwa chichisvika pamakore matatu kana kuti chevana vanoda kutarisirwa zvakanyanya chinonzi Medically Intensive Children's Program. Kukodzera kwemwana wenyu kubatsirwa neDDA kunoguma panosvika zuva rake rokuzvarwa regore rechina. Kuti mwana wenyu arambe achikodzera kubatsirwa neDDA, munofanira kunyorera zvakare muchikumbira, mwana wenyu asati asvitsa makore mana. Zvinofanira kuongororwa zvakare kana mwana wenyu achikodzera mukuenderana neurwere huri mugwaro rabatanidzwa netsamba ino reMazita Ezvinotarirwa.

Makumbiro acho:

Taurai nevashandi veDDA Intake & Eligibility pachine mazuva 90 kana kudarika zuva rokuzvarwa kwemwana wenyu regore rechina risati rasvika muchikumbira magwaro anoshandiswa pakukumbira. Munogona kunyora muchikumbira kana kufona panhamba dziri pasi apa. Muchatumirwa magwaro anoshandiswa pakukumbira. Munogonawo kuwana magwaro acho paidaneti kana mukavhura pa <https://www.dshs.wa.gov/dda/consumers-and-families/eligibility>.

Ko kana ndikasanyorera zvakare ndichikumbira?

Kana mukasakumbira magwaro anoshandiswa pakukumbira kana kuti mukasadzorera magwaro acho pachiiine mazuva 60 kana kudarika okuti zuva rokuzvarwa remwana wenyu regore rechina risvike, kodzero yake yokubatsirwa neDDA inoguma paanosvitsa gore rechina. Kana mwana wenyu aine zvaanobhadharirwa neDDA, rubatsiro urwu runoguma pazuva raanosvitsa gore rake rechina.

Kuguma kwerubatsiro rweDDA hakukanganisi kodzero dzemwana dzokuva muchirongwa cheSpecial Education uye cheSSI. Hakukanganisiwo kubatsirwa kwose kweDSHS kwamungave muchiwana, sezvakaita kweMedicaid, TANF kana zvitambi zvezvokudya.

Tapota kurumidzai kupindura kuchiine mazuva 90 kana kudarika okuti mwana wenyu asvike pazuva rake rokuzvarwa rinomusvitsa makore mana. Kana tikasanzwa kubva kwamuri, tichangoti hamusi kuda kuti mwana wenyu arambe achiwana rubatsiro rweDDA. Kana pasina magwaro akarurama anoratidza urwere hunokodzera mwana paanenge asati asvitsa makore mana (4) kukodzera kwemwana wenyu kuwana rubatsiro rweDDA uye rumwe ruyamuro rweDDA zvinoguma panosvika musi wake wokuzvarwa wegore rake rechina (rechi4).

Kana muine mibvunzo kana kuti muchida kukumbira magwaro okukumbirisa nawo, tapota taurai na

ZITA

NHAMBANDA DZEFONI

KERO YEEMAIL

Kopi yemirawu yehurumende panyaya dzokukodzera kuwana rubatsiro inogona kukumbirwa kana kuwanwa paidaneti pa <https://www.dshs.wa.gov/dda/consumers-and-families/eligibility>.

cc: Fayera ranyakubatsirwa

Mazita Ezvinotarisiwa

URWERE HURIPO	ZERA	URWERE HWAKABATWA	NYAKUONGORORA	MAMWE MASHOKO
Kunonoka Kukura	Makore 4 kusvika 9	Kunonoka Kukura	Mazvikokota akadzidzira basa rokuongorora uye ane ruzivo rwezvemakuriro evanhu	Makore 4 kusvika 9 – Kunonoka katatu kana kudarika ne -1.5 SD kana kuti 25 % yemakuriro anotarisiwa zvichitsamira paongororo yemwedzi 12 yadarika.
Kuda Kutarisirwa Zvakanyanya	Kuzvarwa kusvika 17			Ndeyevana vakakodzera kuva Muchirongwa Chevanoda Kutarisirwa Zvakanyanya.
Kukundikana Pamafungiro Nemaitiro	Makore 4 zvichikwira	Kukundikana Pamafungiro Nemaitiro (hwaimbonzi Urwere Hwepfungwa)	Chiremba Wepfungwa Ane Chitambi, weWashington Certified School Psychologist kana chimwe chikoro chepfungwa chinopa zvitambi zvinobva kuNational Assoc. of School Psychologists.	Mashoko azere anonyorwa naChiremba Wepfungwa anosanganisira nhamba yeChikero Chakazara cheIQ, nezvaonekwa pamaitiro emwana pazvinhu zvakasiyana-siyana zvaanonzi aite achiongororwa.
Cerebral Palsy (Kusashanda Zvakanaka Kwetsandanyama Kana Nhengo Dzomuviri)	Makore 4 zvichikwira	Cerebral Palsy Quadriplegia Hemiplegia Diplegia	(Physician) Chiremba Ane Chitambi Anoona Nezvemashandiro Omuviri	Kubva pokutanga kusvika makore 3, uye mashoko anoratidza kuti mwana anotofanira kubatsirwa kuita zvinhu zviriri kana kudarika (kuenda kuchimbudzi, kugeza, kudya, kupfeka, kufamba, kana kutaura).
Epilepsy (Pfari)	Makore 4 zvichikwira	Pfari kana chimwe chirwere chakaita saidzo.	Board Certified Neurologist (Mazvikokota Weuropi Ane Chitambi chakabva kuBhodhi.)	Kuongororwa kwenhorondo yezvokurapiwa uye ongororo dzeuropi, mashoko etsinhiro kubva kuna chiremba wemashandiro omuviri kana wepfungwa nezvepfari dzinoramba dzichingoitika dzega, uye pamaitiro emwana pazvinhu zvakasiyana-siyana zvaanonzi aite achiongororwa.
Autism (Maitiro Emwana, Mamwe Chete Asina Kuti Twasu Pakukura) (paDSM-IV)	Makore 4 zvichikwira	Autism kana kuti Zvirwere Zvakada Kudaro pa299.00 muDSM-IV-TR	(Psychologist) Chiremba Ane Chitambi Wemashandiro Epfungwa, Advanced Registered Nurse Practitioner (ARNP) (Nesi Ane Chitambi Chebasa) vane zvokuita neAutism kana chipatara chokukura kwevana kana Bhodhi rinopa Zvitambi: Mazvikokota Weuropi, Chiremba Wepfungwa, kana Nyanzvi Yezvemakuriro Nemaitiro Evana	Ongororo izere paDSM-V inosanganisira zvose zvinotarisiwa, zvinoratidza kuti pane kunonoka kana kusashanda zvakanaka pamagariro nevamwe, pamutauro, pamatauriro kana pamaitiro kana matambiro emwana, nezvaonekwa pamaitiro emwana pazvinhu zvakasiyana-siyana zvaanonzi aite achiongororwa.
Autism Spectrum Disorder (Maitiro Emwana Akati Wandezi Asina Kuti Twasu Pakukura) (paDSM-V)	Makore 4 zvichikwira	Autism Spectrum Disorder 299.00 paDSM-5 kusanganisira danho 2 ne3 rakapindirira mumakoramu ese maviri	(Psychologist) Chiremba Ane Chitambi Wemashandiro Epfungwa, Advanced Registered Nurse Practitioner (ARNP) (Nesi Ane Chitambi Chebasa) vane zvokuita neAutism kana chipatara chokukura kwevana kana Bhodhi rinopa Zvitambi: Mazvikokota Weuropi, Chiremba Wepfungwa, kana Nyanzvi Yezvemakuriro Nemaitiro Evana	Ongororo izere paDSM-V inosanganisira zvose zvinotarisiwa, zvinoratidza kuti pane kunonoka kana kusashanda zvakanaka pamagariro nevamwe, pamutauro, pamatauriro kana pamaitiro kana matambiro emwana, nezvaonekwa pamaitiro emwana pazvinhu zvakasiyana-siyana zvaanonzi aite achiongororwa asati asvitsa makore 3, kana kuongororwa kweFSIQ kana kuti zvose zviriri paAutistic Disorder 299.00 paDSM-IV.
Chimwewo Chirwere Cheuropi Kana Chakada Kuita Sekukundikana Pamafungiro Nemaitiro	Makore 4 zvichikwira	Urwere hwepfungwa kana hwemasero hunozivikanwa kuti hunokanganisa mafungiro nemaitiro	Chiremba Wemashandiro Emuviri Ane Chitambi	Ongororo yakazara yeIQ, uye zvaonekwa pamaitiro emwana pazvinhu zvakasiyana-siyana zvaanonzi aite achiongororwa.

Chiziviso: Fomu rino rinongopa mashoko mashoma ezvamunofanira kuziva uye DDA inogona kuda mamwe mashoko kana ongororo. Gwaro rino ndiro danho rokutanga pakuona kana mwana aine kodzero yokubatsirwa. Kukodzera paDDA kunotsamira paChitsauko 388-823 cheWAC.